



Pou Piblikasyon Imedya: 30/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI NOUVO DEVLOPMAN LOJMAN
SIPÈVIZE AK IJANS KI GEN 37 INITE NAN SCHENECTADY**

***Cara House bayabri ijans ak lojman sipèvize pèmanan pou moun ki nan
sitiyasyon sanzabri yo***

***Inisyativ Lojman Sipèvize Empire State la ap bay sibvansyon pou lokasyon ak
sèvis yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman 37 inite lojman sipèvize pèmanan ak ijans nan Schenectady pou ede abòde sitiyasyon sanzabri a. Opere pa Bethesda House of Schenectady, Inc., Cara House gen ladan 26 inite lojman sipèvize pèmanan ak 16 kabann lojman ijans ki te kreye nan kad devlopman 8.5 milyon dola.

"Abòde sanzabri avèk siksè egzije yon apwòch ki gen plizyè aspè ki santre sou bati plis lojman abòdab ak sipò ak amelyore livrezon sèvis ki ede Nouyòkè yo rezoud pwoblèm ki kache ki te kapab kontribiye nan rann yo sanzabri. **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a enkòpore apwòch sa a nan bay inite lojman sipò pèmanan ak ijans ki nesèsè pou Konte Schenectady ak aksè fasil ak sèvis sipò."

Cara House konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la k ap kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè Eta New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipèvize pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Bilding twa etaj ki fèk konstwi a gen ladan 11 inite ak 16 kabann lojman ijans pou granmoun ki sanzabri, ansanm ak 26 inite lojman sipèvize pèmanan pou moun ki te fè eksperyans sanzabri kwonik oswa k ap reyentegr nan kominote a apre anprizònman.

Finansman pou pwojè a gen ladan 6.4 milyon dola nan Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing Assistance Program, HHAP) Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la. Anplis de sa, Bank Federal Prè pou Lojman nan New York (Federal Home Loan Bank of New York) te bay 1 dola epi Konte Schenectady, vil Schenectady, Fondasyon Fanmi Wright, Fondasyon Fanmi Neil & Jane, William & Estelle Golub Family Foundation, Schenectady Foundation, Carlilian Foundation, ak Arnold Cogswell Health Care Fund te fè yon kontribisyon enpòtan.

Se Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) k ap founi finansman operasyonèl la atravè OTDA.

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) Eta New York la, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl OTDA.

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Cara House ap bay lojman sipò ki nesèsè anpil, ansanm ak kabann nan abri ijans, pou moun ki te fè eksperyans sanzabri oswa ki retounen nan kominote a apre yo fin anprizònman. Gras ak travay Bethesda House, moun ki abite isit la pral non sèlman gen yon lojman ki an sekirite, ki estab, men yon opòtinite pou rebati lavi yo epi pwospere kòm yon pati nan kominote a."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen kontan anpil pou rejwenn defansè devwe yo nan Bethesda House nan selebre ouvèti nouvo antrepriz yo a: Cara House. Sipò Bethesda House pou kominote a ak sitwayen ki pi vilnerab li yo atravè pwovizyon lojman, sèvis ijans ak kriz, ak jesyon ka ak travay sosyal te yon egzanp pou nou tout depi lontan. Kounye a, ak ouvèti Cara House, òganizasyon kominotè enpòtan sa a pral kapab bay plis sèvis enpòtan, tankou lojman ijans, lojman sipò pèmanan, ak kabann pou repi medikal. Mwen te fyè pou m sipòte pwojè sa a ki pral avanse misyon Bethesda House pou konstwi yon kominote ki pi jis, ki pi akeyan, epi ki enklizif, epi mwen kontan wè vizyon yo ap reyalize kounye a."

Senatè Jim Tedisco te deklare, "Pandan n ap kòmanse fèt Thanksgiving ak sezon fèt la, nou souvan panse ak manm kominote nou an ki gen defi epi ki bezwen yon koutmen. Nouvo inite lojman sipò ak ijans sa yo pral ede plis moun jwenn yon kote pou yo rele lakay yo epi bay abri ijans, sa ki enpòtan sitou pandan n ap antre nan mwa ivè frèt yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Biwo Asistans Tanporè ak Andikap Eta a pou sipò yo pou pwojè sa a nan 44èm Distri Sena a."

Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare, "Mwen kontan selebre finisman Cara House—yon anlèm espwa pou kominote ki sanzabri nan Schenectady a. Inisyativ revolisyonè sa a, ki gen ladan lojman sipò ak ijans, souliye devouman nou pou etabli kay abòdab akonpaye pa sèvis esansyèl pou popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Cara House sèvi kòm prèv efò kolektif nou yo ak patenarya yo pouse Schenectady nan yon avni ki pi briyan. Ansanm, nou p ap senpleman konstwi kay; n ap fòme lavni."

Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare, "Cara House se yon kontribitè kle nan devlopman kontinyèl nan vil nou an. Nouvo etablisman sa a pral pèmèt yon lojman an sekirite ak desan pou yon segman vilnerab nan popilasyon nou

an. Mwen remèsye Bethesda House Administration pou travay yo fè nan alinye finansman an pou rann pwojè 8.5 milyon dola sa a posib."

José R. González, prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Federal Home Loan Bank of New York, te deklare, "Nan Federal Home Loan Bank of New York, nou konnen yon kay ki estab ak sipò se fondasyon kote moun ak kominote yo grandi ak epanouyi. Cara House pral bay fondasyon sa a, k ap kontinye travay enpòtan Bethesda House fè pou fè yon enpak pozitif nan lavi anpil moun atravè Schenectady."

Directè Egzekitif Bethesda House, Kimarie Sheppard, te deklare, "Agrandisman pwogram rezidansyèl nou an se yon temwayaj pou ajans gouvènmanal eta ak lokal yo reyini ansanm ak fondasyon prive ak donatè ki konprann epi sipòte neseseite ijan pou lojman abòdab. Mwen kontan espesyalman ak lidèchip Gouvènè Hochul nan pwomouvwa ak finanse nouvo lojman pou bay yon nivo diyite ak sekirite pou moun ki gen plis risk nan Schenectady yo. Avèk 26 nouvo inite lojman sipèvize yo ak 16 kabannabri ijans k ap ouvri, Bethesda House nan Schenectady kontinye bay èd enpòtan ak dirab pou kominote sa a."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)